

Kesyon Sivik (Istwa e Gouvènman) Pou Tès Natiralizasyon

100 questions e repons sivik (istwa e gouvènman) pou tès natiralizasyon an ki enimere pi ba. Tès edikasyon sivik la se yon tès oral epi ofisyè USCIS pral poze kandida a jiska 10 nan 100 kesyon nan edikasyon sivik la. Yon kandida dwe responn 6 (sis) kesyon kòrèkteman pou pase pati sivik tès natiralizasyon an.

Nan tès natiralizasyon an, kèk repons kapab chanje akoz eleksyon yo, oubyen nominasyon. Pandan w ap etidye pou tès la, asire ke ou konnen repons pi resan pou kesyon sa yo. Reponn kesyon sa yo kote w ap endike non fonksyonè ki an fonksyon nan moman entèvyou w la avèk USCIS. Ofisyè USCIS p ap asepte yon repons ki pa kòrèk.

Byenke USCIS konsyan ke ka gen repons siplemantè ki kòrèk a kesyon edikasyon ivik yo, yo ankouraje kandida yo reponn kesyon edikasyon sivik yo kote y ap itilize repons ki parèt anba yo.

GOUVÈNMAN AMERIKEN

A: Prensip Domokrasi Ameriken

1. Kisa ki lwa siphèm patri a?

- Konstitisyon an

2. Kisa Konstitisyon an fè?

- tabli gouvènman an
- defini gouvènman an
- pwoteje lwa de baz Ameriken yo

3. Lide otonomi gouvènmantal nan twa premye mo Konstitisyon. Ki mo sa yo?

- Nou, Pèp la

4. Kisa yon amannman ye?

- yon chanjman (nan Konstitisyon an)
- yon diplis (a Konstitisyon an)

5. Kijan yo rele dis premye amannman nan Konstitisyon an?

- yo rele «Bill of Rights»

6. Ki dwa oubyen libète yon moun genyen dapre Premye Amannman an?*

- diskou
- religyon
- asanble
- laprès
- petisyon (rekèt) pou gouvènman an

7. Konbyen amannman Konstitisyon an genyen?

- vennsèt (27)

8. Kisa Deklarasyon Endepandans lan fè?

- anonsé endepandans nou (nan men Angleterre)
- deklare endepandans nou (nan men Angleterre)
- deklare ke Etazini lib (de Angleterre)

9. Ki de (2) dwa sa yo nan Deklarasyon Endepandans lan?

- lavi

- *libète*
- *chache kontantman (kè kontan)*

10. Kisa libète relijyon ye?

- *Ou kapab pratike nenpòt relijyon, oubyen pa pratike oken relijyon.*

11. Kisa sistèm ekonomik lan ye Etazini?*

- *ekonomi kapitalis*
- *ekonomi mache*

12. Kisa «règ lalwa» ye?

- *Tout moun dwe obeyi lalwa.*
- *Lidè yo dwe obeyi lalwa.*
- *Govènman dwe obeyi lalwa.*
- *Pesonn pa sou tèt lalwa*

B: Sistèm Gouvènman

13. Nonmen yon branch oubyen pati gouvènman an.*

- *kongrè*
- *lejislatif*
- *prezidan*
- *egzekitif*
- *tribinal yo*
- *jidisyè*

14. Kisa ki estope yon branch gouvènman pou l pa vin gen twòp pouvwa?

- *tyeke e balanse*
- *separasyon pouvwa yo*

15. Kilès ki an chaj branch egzekitif la?

- *Prezidant an*

16. Kilès ki fè lwa federal yo?

- *Kongrè*
- *Sena a avèk Chanm Depite yo*
- *Lejislati (Etazini ou nasyonal)*

17. Ki de (2) pati Kongrè Etazini an?*

- *Sena a avèk Chanm Depite yo*

18. Konbyen Senatè U.S ki genyen?

- *san (100)*

19. Nou eli Senatè U.S. pou konbyen ane?

- *sis (6)*

20. Kilès ki youn nan Senatè U.S nan eta w la kounyeaya?*

- *Repons yo pral varye. [Rezidan Distri Columbia, e rezidan teritwa U.S. dwe reponn ke D.C. (oubyen teritwa kote kandida a abite) pa genyen Senatè U.S.]*

21. Chanm Depite a gen konbyen manm ki ka vote?

- *katsan trannsenk (435)*

22. Pou konbyen ane nou eli Depite U.S?

- *de (2)*

23. Nonmen Depite U.S. ki prezante w (oubyen eta w ap viv la).

- *Repons yo pral varye. [Rezidan teritwa yo avèk delege oubyen komisè ki pa ka vote kapab bay non delege oubyen komisyonè sa a. Tout deklarasyon ke teritwa a pa gen depite ki ka vote nan Kongrè.]*

24. Kilès yon Senatè U.S. reprezante?

- *tout moun nan eta a*

25. Pou kisa kèk eta gen plis Depite ke lòt eta?

- *(akoz) popilasyon eta a*
- *(paske) yo gen plis moun*
- *(paske) kèk eta gen plis moun*

26. Pou konbyen ane nou eli yon Prezidan?

- *kat (4)*

27. Nan ki mwa nou vote pou Prezidan?*

- *Novanm*

28. Ki non Prezidan aktyèl Etazini an?*

- *Vizite uscis.gov/citizenship/testupdates pou non Prezidan Etazini an.*

29. Ki non Vis Prezidan aktyèl Etazini an?

- *Vizite uscis.gov/citizenship/testupdates pou non Vis Prezidan Etazini an.*

30. Si Prezidan an pa kapab kontinye sèvi, kilès k ap vin Prezidan?

- *Vis Prezidan an*

31. Si ni Prezidan, ni Vis Prezidan an pa kapab kontinye sèvi, kilès kap vin Prezidan?

- *prezidan Lachanm*

32. Kilès ki Kòmandan militè an Chèf?

- *Prezidan an*

33. Kilès ki siyen pwojè lwa pou tounen lwa?

- *Prezidan an*

34. Kilès ki veto (ou anile) pwojè lwa yo?

- *Prezidan an*

35. Kisa Kabinè Prezidan an fè?

- *konseye Prezidan an*

36. Kilès de Pozisyon nivo Kabinè yo?

- *Minis (Sekretè) Agrikilti*
- *Minis ("") Komès*
- *Minis ("") Defans*
- *Minis ("") Edikasyon*
- *Minis ("") Enèji*
- *Minis ("") Sante e Sèvis Moun*
- *Minis ("") Sekirite Entèn*
- *Minis ("") Lojman ak Developman Iben*
- *Minis ("") Enteryè*
- *Minis ("") Travay*
- *Minis Afè Etranje (Sekretè d Eta)*
- *Minis ("") Transpòtasyon*

- *Minis ("") Trezò*
- *Minis ("") Veteran*
- *Minis Jistis (Pwokirè Jeneral)*
- *Vis Prezidan*

37. Kisa branch jidisyè a fè?

- *revize lwa yo*
- *esplike lwa yo*
- *rezoud dispit (dezakò yo)*
- *deside si yon lwa ale kont Konstitisyon an*

38. Ki pi wo tribinal Etazini?

- *Lakou Siprèm*

39. Konbyen jij Lakou Siprèm genyen?

- *Vizite uscis.gov/citizenship/testupdates pou nomb jij ki Lakou Siprèm.*

40. Kilès ki Chèf Jistis Etazini aktyèlman?

- *Vizite uscis.gov/citizenship/testupdates pou non Chèf Jistik Etazini.*

41. Nan Kontitisyon nou an, kèk pouvwa apatni a gouvènman federal la. Ki youn nan pouvwa gouvènman federal la?

- *enprime lajan*
- *deklare lagè*
- *kreye yon ame*
- *fè trete*

42. Nan Konstitisyon an, kèk pouvwa apatni a eta yo. Ki youn nan pouvwa eta yo?

- *founi lekòl ak edikasyon*
- *founi pwoteksyon (lapolis)*
- *founi sekiirite (depatman ponpye yo)*
- *bay lisans pou kondi*
- *apwouve zonaj (zòn) e itilizasyon tè*

43. Kilès ki Gouvènè eta w la kounyeya?

- *Repons yo pral varye. [Rezidan Distri Columbia dwe reponn yo pa gen Gouvènè.]*

44. Ki kapital eta w la?*

- *Repons yo pral varye. [Rezidan Distri Columbia dwe reponn ke D.C. pa yon eta epi l pa gen yon kapital. Rezidan teritwa Etazini dwe nonmen kapital teritwa a.]*

45. Ki de pati politik prensipal Etazini yo?*

- *Demokrat e Repiblikan*

46. A ki pati politik prezidan aktyèl la apatni?

- *Vizite uscis.gov/citizenship/testupdates pou pati politik Prezidan an.*

47. Kilès ki Prezidan Chanm Depite yo kounyeya?

- *Vizite uscis.gov/citizenship/testupdates pou non Prezidan Chanm Depite yo.*

C: Dwa e Responsabilite

48. Gen kat amannman nan Konstitisyon an sou kilès ki ka vote. Dekri youn nan yo.

- *Sitwayen ki gen dizuit an (18) e plis (ka vote).*
- *Ou pa gen pou peye (yon enpo ou taks) pou vote.*

- *Nenpòt sitwayen ka vote. (fanm e gason ka vote)*
- *Yon sitwayen gason ki nenpòt ras (ka vote).*

49. Ki yon responsabilite ki konsène sitwayen Etazini sèlman?*

- *sèvi kòm manm yon jiri*
- *vote nan eleksyon federal*

50. Site yon dwa ki pou sitwayen Etazini sèlman.

- *vote nan eleksyon federal*
- *ale nan eleksyon federal*

51. Ki de dwa tout moun k ap viv Etazini genyen?

- *libète pou esprime yo*
- *libète pou pale*
- *libète pou reyini an asanble*
- *libète pou fè petisyon bay gouvnènman an*
- *libète relijyon*
- *dwa pou pote zam*

52. A kisa nou fè prèv lwayote lè nou resite sèman alejans lan?

- *Etazini*
- *drapo a*

53. Ki youn nan pwomès ou fè apre w vin sitwayen Etazini?

- *abandone lwayote w a lòt peyi*
- *defann Konstitisyon e lwa Etazini*
- *obeyi lwa Etazini*
- *sèvi nan Lame Ameriken (si l nesesè)*
- *sèvi (fè yon travay enpòtan pou) nasyon an (si l nesesè)*
- *montre lwayote a Etazini*

54. Ki laj sitwayen yo dwe genyen pou vote Prezidan?*

- *dizuit (18) an ou pi aje*

55. Ki de fason Ameriken ka patisipe nan demokrasi yo?

- *vote*
- *afilye ak yon pati politik*
- *ede nan yon kanpay*
- *antre nan yon gwoup sivik*
- *antre nan yon gwoup kominotè*
- *bay yon eli ofisyèl opinyon w sou yon kesyon (ou sijè)*
- *rele Senatè e Depite*
- *soutni ou opoze piblikman yon pwoblèm oubyen yon polisi*
- *ale nan eleksyon*
- *li yon jounal*

56. Kilè ki dènye jou pou voye fòmilè enpo federal (inkonm taks)?*

- *15 Avril*

57. Kilè tout moun dwe enskri pou Sèvis Selektif?

- *a laj dizuit an (18)*
- *ant (18) e vennsis an (26)*

ISTWA AMERIKÈN

A: Peryòd Kolonyal e Endependans

58. Ki nan rezon ki te fè kolonis yo te vin (an) Amerik?

- *libète*
- *libète politik*
- *libète relijye*
- *opòtinite ekonomik*
- *pratike relijyon yo*
- *evite pèsekisyon*

59. Kilès ki t ap viv an Amerik avan arive Ewopeyen yo?

- *Endyen Amerik*
- *Amerendyen (natif Amerik yo)*

60. Ki gwooup moun yo te mennen (an) Amerik, e vann yo kòm esklav?

- *Afriken*
- *moun ki soti Afrik*

61. Pou kisa kolon (kolonis) yo t ap goumen ak Anglè yo?

- *akoz anpil enpo /taks (enpo san reprezantasyon)*
- *paske Anglè yo te rete lakay yo (nan pansyon, kantone)*
- *paske yo pa t gen otonomi gouvènmantal*

62. Kilès ki te ekri Deklarasyon Endependans lan?

- *(Thomas) Jefferson*

63. Kilè yo te adopte Deklarasyon Endependans lan?

- *4 Jiyè, 1776*

64. Te gen eta orijinal. Site twa.

- *New Hampshire*
- *Massachusetts*
- *Rhode Island*
- *Connecticut*
- *New York*
- *New Jersey*
- *Pennsylvania*
- *Delaware*
- *Maryland*
- *Virginia*
- *North Carolina*
- *South Carolina*
- *Georgia*

65. Kisa k te pase nan Konvansyon Konstitusyonèl la?

- *Konstitusyon an te ekri.*
- *Papa Fondatè yo te ekri Konstitusyon an.*

66. Kilè Konstitusyon an te ekri?

- *1787*

67. Papye Federalis yo te sipòte pasaj Konstitusyon Etazini an. Site youn nan otè yo.

- *(James) Madison*
- *(Alexander) Hamilton*
- *(John) Jay*
- *Publius*

68. Di yon bagay ki fè Benjamin Franklin fame?

- *Diplomat Ameriken*
- *pi ansyen Konvansyon Konstitisyonèl la*
- *Premye Chèf Lapòs Jeneral Etazini*
- *otè «Poor Richard's Almanac»*
- *li kòmanse premye bibliyotèk piblik yo*

69. Kilès ki «Papa Peyi nou» an?

- *(George) Washington*

70. Kilès ki te premye Prezidan?*

- *(George) Washington*

B: ane 1800 yo

71. Ki teritwa Etazini te achte nan men Lafrans an 1803?

- *the Louisiana Territory*
- *Louisiana*

72. Site yon gè Etazini batay ladan nan ane 1800 yo.

- *Gè 1812*
- *Gè Meksiken-Ameriken*
- *Gè Sivil*
- *Gè Espayòl-Ameriken*

73. Site Gè Etazini ki te fèt ant Nò e Sid.

- *Gè Sivil la*
- *Gè ant eta yo*

74. Site yon pwoblèm ki te lakoz Gèv Sivil la.

- *esklavay*
- *rezon ekonomik*
- *dwa eta yo*

75. Site youn nan bagay enpòtan Abraham Lincoln te fè?*

- *liberasyon esklav yo (Pwoklamasyon Emansipasyon)*
- *sove (oubyen prezève) Inyon an*
- *dirije Etazini pandan Gè Sivil*

76. Kisa Pwoklamasyon Emansipasyon an te fè?

- *libere esklav yo*
- *libere esklav nan Konfederasyon an*
- *libere esklav nan eta Confedere yo*
- *libere esklav nan pifò eta Sid yo*

77. Kisa Susan B. Anthony te fè?

- *li te batay pou dwa fanm*
- *li te batay pou dwa sivil*

C: Istwa Amerikèn Resan ak Lòt Enfòmasyon Istorik Enpòtan

78. Site yon gè Etazini te batay ladan ane 1900 yo.*

- *Premyè Gè Mondyal*
- *Dezyèm Gè Mondyal*
- *Gè Kore*
- *Gè Vietnam*
- *Gè Gòlf la*

79. Kilès ki te Prezidan pandan Premyè Gè Mondyal?

- *(Woodrow) Wilson*

80. Kilès ki te Prezidan pandan Gwo Depresyon an, e pandan Dezyèm Gè Mondyal?

- *(Franklin) Roosevelt*

81. Ak kilès Etazini t ap batay nan Dezyèm Gè Mondyal?

- *Japon, Almay, e Itali*

82. Avan I te vin Prezidan, Eisenhower te yon jeneral. Nan ki gè li te ye?

- *Dezyèm Gè Mondyal*

83. Kisa k te plis konsène Etazini pandan Gè Fwad?

- *Kominis*

84. Ki mouvman ki te eseye fini ak diskriminasyon rasyal?

- *(mouvman) dwa sivil*

85. Kisa Martin Luther King, Jr. te fè?*

- *batay pou dwa sivil*
- *travay pou egalite pou tout Ameriken*

86. Ki gwo evennman ki te pase 11 Septanm 2001 Etazini?

- *Teworis te atake Etazini.*

87. Site youn nan tribi Endyen Etazini.

[Ofisyen USCIS yo pral resevwa yon lis amerendyen ke gouvenman federal la rekonèt.]

- *Cherokee*
- *Navajo*
- *Sioux*
- *Chippewa*
- *Choctaw*
- *Pueblo*
- *Apache*
- *Iroquois*
- *Creek*
- *Blackfeet*
- *Seminole*
- *Cheyenne*
- *Arawak*
- *Shawnee*
- *Mohegan*
- *Huron*
- *Oneida*
- *Lakota*
- *Crow*
- *Teton*

- *Hopi*
- *Inuit*

SIVIK ENTEGRE

A: Jewografi

88. Site youn nan rivyè ki long Etazini.

- *(Rivyè) Missouri*
- *(Rivyè) Mississippi*

89. Ki oseyan ki sou Kot Wès Etazini?

- *(Oseyan) Pasifik*

90. Ki oseyan ki sou Kot Ès Etazini?

- *(Oseyan) Atlantik*

91. Site yon teritwa Etazini.

- *Pòtoriko*
- *Il Vyèj Etazini yo*
- *Samoa Ameriken*
- *Zile Mariana Nò yo*
- *Guam*

92. Site yon eta ki fè fontyè ak Kanada.

- *Maine*
- *New Hampshire*
- *Vermont*
- *New York*
- *Pennsylvania*
- *Ohio*
- *Michigan*
- *Minnesota*
- *North Dakota*
- *Montana*
- *Idaho*
- *Washington*
- *Alaska*

93. Site yon eta ki fè fontyè ak Meksik.

- *California*
- *Arizona*
- *New Mexico*
- *Texas*

94. Ki kapital Etazini?*

- *Washington, D.C.*

95. Ki kote Estati Libète ye?*

- *(Pò) New York*
- *Zile Libète*

[Repons ki aseptab tou se New Jersey, toupre New York City, e sou Hudson (Rivyè).]

B: Sembòl

96. Pou kisa drapo a gen 13 bann?

- *paske te gen 13 koloni orijinal*
- *paske bann yo reprezante koloni orijinal yo*

97. Pou kisa drapo a gen 50 etwal?*

- *paske gen yon etwal pou chak eta*
- *paske chak etwal reprezante yon eta*
- *paske gen 50 eta*

98. Ki non im nasyonal la?

- *The Star-Spangled Banner*

C: Jou ferye

99. Kilè Jou Endepandans?*

- *4 Jiyè*

100. Site de jou ferye nasyonal Etazini.

- *New Year's Day (Premye Janvye)*
- *Martin Luther King, Jr. Day (Jou Martin Luther King, Jr. Day)*
- *Presidents' Day (Jou Prezidan)*
- *Memorial Day (Jou Memorial)*
- *Independence Day (Jou Endepandans)*
- *Labor Day (Jou Travay)*
- *Columbus Day (Jou Kolon)*
- *Veterans Day (Jou Veteran)*
- *Thanksgiving (Aksyondegras)*
- *Christmas (Fèt Nwèl)*

* Si ou gen 65 ane ou plis, e ke ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 ane ou plis, ou kapab jis etidyé kesyon ki make ak yon asterisk (oubyen etwal).